ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№150 (24.120) ● 2020 гъэм дыгъэгъаз (декабрым) и 17, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ республикэм и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я унафэщІхэр зыхэта «муниципальнэ сыхьэт»

КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэхэм, къалэ округхэм я администрацэхэм я унафэщІхэр зыхэта зэІуэщІэ. Абы и лэжьыгъэм кърихьэлІащ КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТІ., КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ М. М., КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий М. Б., КЪБР-м щІыуэпс хъуГуэфІыгГуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Шаваев И. П.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэм зэрызыщубГуэм теухуауэ и Іэху зыІутым, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я санитар-экологие щытыкІэм, лъэпкъ проектхэр гъэззщІа зэрыхъум.

Псом япэрауэ, КІуэкІуэ Казбек муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэм ягу къигъэкІыжащ илъэсыщІэ махуэшхуэхэр зэкІэзэрблигъэр икІи узыфэм земыгъэубГын и лъэныкъуэкІэ санитар дохутыр нэхъыщхьэм къигъэува чэнджещэм тетын зэрыхуейр цІыхухэм зэрыгурагъэІуапхъэр. Администрацэхэм я унафэщІхэм жраІащ цІыху куэд зэкІуалІэ зэхьихьэхэр муниципальнэ лэжьакІуэ гупхэм щрагъэкІуэкІыным къэбГэхъу зэрымыхъунур.

Республикэм и Іэтащхьэм щхьэхуэу гулъытэ хуищІащ илъэсыщІэ махуэшхуэхэм социальнэ Іэхуэхэм зэпымыуэ я нэІэ трагъэтын зэрыхуейм, нэхъыщхьэр - автомобиль зиІэ волонтёрхэм медицинэ Іэхуэщ1апІэхэм зыщІагъэкъуэныр, амбулаторнэу зэІэзэ сымаджхэм хущхъуэхэр яхуэшэныр кІуэзэрщІэнырщ.

ЗэІуущІэм апхуэдэу щыэзпкърахащ тыкуэнышхуэхэм я лжьыгъэр махуэшхуэхэм зэтеухуауэ зэрыщытыну щыкІэр икІи цІыхухэр абыхэм щыэзтримыхьэн папщІэ щыпІэхэм кІуэурэ сату ящІу Іуэхур зэтеубламэ зэрынэхъыкфІыр кьыхагъэщащ. Апхуэдэ жэрдэм кьызэрыхалъхьам теухуа хъыбар ирагъэщІэнущ сатуущІ Іуэхущ1апІэхэм.

ЩІыпІэхэм я къабзагъэм и гугъу щищІам Шаваев Ильяс хэІущІыІу ищІащ щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ щрагъэкІуэкІа Іэспщітэныгъэхэм кьрикІуахэр. КЪБР-м ЩІыуэпс хъуГуэфІыгГуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм пщэрыльэ щащІащ къэпщытэныгъэхэр ягъэгъэкІуэкІ гупхэр адэжкІи щІыналъэхэм щигъэлэжьэну икІи щІыпІэхэм я администрацэхэм я унафэщІхэр ящІыгъуу кІэрыхухбжьэрыху идзыпІэхэр гъэсеижьным унафэ тращІыхьыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Наркотикхэкіхэр къыщемыгъэзгъэсэбэпын, ахэр щыэзрагъэкІуэкІыным пэщІэтын

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ республикэм Наркотикхэм апэщІэтынымкІэ и комиссэм и зэІуущІэр.

КЪБР-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэн Іэнатіэр щегъэфІэкІуэныр» и къэрал программэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм наркотикхэкІхэр, псантхуэм егуауэ, абыхэм хуэдэ нэгъуэщІ пкъыгъуэ лъэщхэр къыщемыгъэгъэсэбэпын, ахэр хабзэншагъэкІэ щызэрагъэкІуэкІыным пэщІэтын я лъэныкъуэкІэ зыхуэфащэ Іуэхухэр зэфІэгъэкІыным хуэунэтІауэ» и программэ къуэдзэр гъэззщІэным хьихьэ лэжьыгъэм кьрикІуахэм теухуауэ къэпсэлъащ КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам, КЪБР-м цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Биту Аслъэн, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Хъумахуэ Мухьэдин сымэ.

Программэ къуэдзэм и Іыхьэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ящыщщ афияным иткьэкъуахэр зэрыхуэ щытыкІэм кьикІыныкІэ, ахэр жылагъуэм яхэзэгъэжьныкІэ защІэгъэкъуэныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщауэ мэлажьэ афияным и хъым ихуахэр абы къыІэщІэхьныр зи пщэрыльэ медико-реабилитацэ Іэнатіэ. 2020 гъэм и мазибГуэм апхуэдэ гулъытэ зыгъуэта сымаджхэр процент 23-кІэ нэхъыбэ хъуащ, илъэс кІуам и апхуэдэ пІалъэм ирихьэлІэу зэрыщытта цІыхуи 104-м и пІэкІэ 128-м ядэІэпыкъуащ.

Афияным итхьэкъуахэм ящыщу цІыхуи 172-р а узыфэм пэлъэщныкІэ гугъэ уагъэщІу хъуащ, ахэр диспансер учётым щытхэм я процент 21,5-р мэхъу.

КЪэкІыгъэм къыхах наркотикхэкІхэр хабзэр къыщэпауду зэзэгъэкІуэкІхэмebэныным теухуауэ Іуэхур къызэрызэгъэпэщам и гугъу ящІу зэІуущІэм къыщыпсэльащ КЪБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІ Павлов Василий, Бахьсэн къалэ округым, Май муниципальнэ щІыналъэм я щыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэу Мамхэгъ Хьэчимрз Саенкэ Татьянэрэ. ЗэІуущІэм апхуэдэу щызэхалъхьажащ 2020 гъэм и накъыгъэм къыщыщІэдзауэ жэпуагъуэ пщІондэ щІыналъэхэм щекІуэкІа «МАК» комплексно-профилактикэ Іэжьыгъэм кьрикІуахэр.

А пІалъэм кьриубыдэу уголовнэ Іуэху 83-рэ кьаІэтащ, уголовнэ жэуапым цІыху 78-рэ ирашэлІащ. КЪытрахащ кьэкІыгъэхэм къыхах афиянкэкІыну килограмм 15-м щІигъу.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ щІалэгъуалэм хъыбарегъащІэ-профилактикэ Іэжьыгъэ зэрыдрагъэкІуэкІыр, коронавирус узыфэ зэрыщІалэм зэрызиубГуам и зэранкІэ мы гъэм ар тІэкІу нэхъ къэтІэсхьауэ щытам. Апхуэдэу щытми, КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхэгъэщащ афияным пэщІэтыным хуэгъэзауэ щІалэгъуалэм нэхъ гурыІуэгъуафІэ ящыхьуи, ахэр нэхъ дэзыхьэныну Іэмалхэр а Іуэхум къыщыгъэсэбэпын, социальнэ сетхэр нэхъ щэщІауэ къэгъэщхьэпэн зэрыхуейр. «А лэжьыгъэр ухуэн хуейщ социальнэ къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу, зэфІагъэкІ Іуэхухэм сэбэпынагъуэ къыдэкІуэр нэхъ нэрылъагъу, зэхэщІыкІыгъуэ хъун, ехьулІэныгъэфІхэр абы щызыІэрыдгъэхьэн папщІэ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. ЗэІуущІэм кьрихьэлІахэм абы ягу къигъэкІыжащ афиянкэкІхэр социальнэ сетхэмкІэ зэбграгъэкІыну хуабжьу жыджэру яужь зэритыр икІи ардыдэр апхуэдэ хабзэншагъэ зылэжьхэм ебэныныжьмкІэ Іэмалыфіхэм ящыщу къэгъэщхьэпэн зэрыхуейр.

А махуэ дыдэм Къэрал Думэм япэ къеджагъэу къыщІащ, интернетыр къагъэсэбэпу, афиян зрахьэлІэным цІыхухэр кьухуезыджэхэр уголовнэ жэуапым ешэлІэным теухуа законопроектыр, апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьым тралъхьэ илъэс бжыгъэр 15-м нагъэсыныи къыщыхалъхьащ абы.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэтщ «Къэрал къабзэ» федеральнэ проектым

**КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ «Экологие» лъэпкъ проектым хьихьэ «Къэрал къабзэ» федеральнэ проектым къыщыгъэлъэГуахэр гъэззщІа зэрыхъум теухуауэ УФ-м ЩІыуэпс хъуГуэфІыгГуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Шаваев Ильясрэ. Зэхьихьэм щытепсэлъыхьащ щІыналъэхэм экологием ехьэлІауэ щыІэ гугъуехьэхэр кьызэнэкІыным хуэгъэпса проектхэр гъащІэм хэпщІэным зэрызыхуагъэхьэзыр щІыкІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэшхуэ щызэфІагъэкІ проектыр гъэззщІэным хуэунэтІауэ. Къапщтэмэ, 2021 гъэм кърахьэлІэну лэжьыгъэхэм хагъэхьащ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и кІэрыхубжьэрыхуэр щызэтракІутэу щыта щІыпІэхэр гъэкъэбзэжьныр, апхуэдэуи абыкІэ хуитныгъэ ямыІэу пхъэнкІий идзыпІэ ящІауэ щыта щІыхэр къэгъэбэтэжьныр.

«Экологие» лъэпкъ проектым хьихьэ «Къэрал къабзэ» проектым ипкъ иткІэ республикэм и Тэрч, Май щІыналъэхэм, апхуэдэуи Бахьсэн къалэ округым щагъэкъэбзэжащ, гъавэ щІалІэу къэбГэсэбэп хьунухэм щыхагъэжьажащ кІэрыхухбжьэрыху идзыпІэу щыта гектар 20-м щигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІыуэпс хъуГуэфІыгГуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм дыззрыт илъэсым и щэкІуэгъуэм пхигъэкІащ «Къэрал къабзэ (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ)» щІыналъэ проектыр гъэззщІэным теухуа зэгурыІуэныгъэм и проектыр. Ямэ ирагъэщу 2024 гъэ пщІондэ зэфІагъэкІынухэм хагъэхьащ кІэрыхухбжьэрыхуэр пІалъэкІэ щызэтракІутэну яубзыхуауэ щыта щІыпІэхэр, абыхэм Бахьсэн къалэ округым щыІэ апхуэдэ зы иджыри яхэту, гъэкъэбзэжьныр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Узыфэ бзаджэм зыщыхъумэныр зыми уэим иремыщІ

Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц зэрыщІэныгъэ мардэм тету дыгъэгъазэм и 15-м иригъэкІуэкІащ Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщемыгъэубГуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр къызэрагъэпэщымрэ а узыфэм зэрыпэщІэтымрэ теухуа Іуэхуэр зэкІэлъыІэсыгъакІуэ оперативнэ штабым и зэІуущІэр.

КЪБР-м ЩЫІЭ санитар-эпидемиологие щытыкІэр зыхуэдэмрэ COVID-19-м пэщІэтыным хуэунэтІауэ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм щызэфІагъэкІэмрэ ятеухуауэ къэпсэльащ «Роспотребнадзор»-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и Унафэщі Пагуэ Жыраслъэнрэ КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустамрэ.

Абыхэм наІуэ кьыззращІамкІэ, коронавирус узыфэр щыхуэ 14.199-м къайуэлІауэ ятхащ, абыхэм ящыщу 11.929-р хъужащ. Госпиталхэм медицинэ дэІепыкъуныгъэ щагъуэт сымаджэ 1467-м, абыхэм ящыщу 88-р реанимацэхэм щІэлъщ. Сымаджэщхэм псори зэхэту гъуэлъыпІэ 1859-рэ яІэщ. COVID-19-р зыпкърытхэм ящыщу 1562-р амбулаторнэ ягъэхуж.

Республикэм и лабораторэхэм къэпщытэныгъэу 334.750-рэ ирагъэкІуэкІащ. Коронавирус узыфэр ялкърытрэ ялкърымытрэ зэхагъэкІын папщІэ зы жэщ-махуэм къриубыдэу тест къэпщытэныгъэу цІыху минищым ихуэзэу ирагъэкІуэкІыр 312-рэ мэхъу.

Вирусыр зэуэлІахэм я процент 42-м ар емыгъэущэу, процент 21,4-м узым и нэщэнэхэр мыпаІуэу, процент 34-м ику иту, процентi 2,6-м къайхьэлъэкІыу ялкърокІ.

COVID-19-р цІыхум иІэрэ имыІэрэ зэхэтэкІиным кьыхуагъэсэбэп КТ аппарат 8, абыхэм уней медицинэ Іэхущ1апІэхэм я томографхэри яхэту. Зы жэщ-махуэм ику иту къэпщытэныгъэ 500 ирагъэкІуэкІ, псори зэхэту КТ-уэ 64.406-рэ ящІащ.

Республикэм и медицинэ Іэхущ1апІэхэм 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м къыщыщІэдзауэ яІэрохьэ хущхъуэгъуэхэр, амбулаторнэу зэІэзэ сымаджэ 3.640-м ягъэ ираткІэщІ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ ягъэхъужхэм адэкІи хущхъуэхэр яІэрыхьэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр зэфІагъэхьэ.

Коронавирус узыфэ ІІэужьыгъуэщІэм пэщІэтыф мастэр цІыхухэм халъхьэным хуэунэтІа лэжьыгъэмэ щІадзащ. Республикэм псори зэхэту кьыІэрыхьащ хэІуГуэ 742-рэ, мастэр халъхьэ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм, дзэ къулыкъущ1апІэхэм, нэгъуэщІ Іэнатіэхэм я лжьакІуэхэм. Республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэ псоми кьыщызэрагъэпэщащ вакцинэр щыхалъхьэну поликлиникэ 11.

Мы зэманым яужь итщ коронавирус узыфэ лІэужьыгъуэщІэм и вакцинэ балигъхэм халъхьэнухэр абы теухуауэ щыІэ хабзэхэр гъэззщІэным кьызэрагъэувым ипкъ иткІэ, 2021 гъэм щахъумэну зыгъэщІт камерзхэм кьахэщІэхэуным теухуа Іуэхум (2021 гъэм и щышылэ - мазаехэм кьаІэрыхьэну траухущ).

Пыухсыхум щызыхъумэ мастэхэр щІыхухэм яхэлъхьэным и Іуэхур зэфІэкІащ. Псори зэхэту щыІэ 437.384-м ар хаІуащ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, я мурадам и процентi 105,3-м ирахьэлІащ.

ЗэІуущІэм щытепсэлъыхьащ коронавирус узыфэ ІІэужьыгъуэщІэм земыгъэубГуным хуэунэтІа Іуэхухэмрэ. Пагуэ Жыраслъэн жиІащ илъэсыщІэ махуэшхуэхэм яужькІэ узыфэм нэхъ зиубГункІэ зэрыхъунур икІи цІыхухэм абы зыщІахъумэн зэрыхуейр щІэх-щІэхьурэ ягу къэгъэкІыжным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхэгъэщащ щІыналъэм эпидемиологие щытыкІэр иджыри гугъуу зэрыщыщытыр. Абыкіэ жэуап зыхьхэр кьыхуриджажащ илъэсыщІэ махуэшхуэхэм гулъытэ хэха хуащІыну. «Медицинэ Іэнатіэ псори зэщІэгъэуІуэу я Іэнатіэхэм пэрытныр, хущхъуэгъэ кьызэгъэпэщыныр, «линэ пщтырыр» лэжьэныр кьызэгъэпэщын хуейщ. Коронавирусым земыгъэубГуным хуэунэтІа профилактикэ Іуэхуэхэри зэфІэгъэкІыпІэхэщ, сакъын зэрыхуейр цІыхухэм ягурыгъэІуапхъэщ, узыфэм зыщыхъумэным теухуа хабзэхэр уэим ямыщІыным кьыхуеджажапхъэщ», - кьыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Тэрч щІыналъэм хьихьэ Арыкъ къуажэм щыщ Іыхьэм щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьжьыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм «Ветеринариемрэ и Іэхуэкъ Іэ» и Закон №49479-1-м, 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащтам, и 31-нэ статьям ипкъ иткІэ икІи Тэрч щІыналъэм хьихьэ Арыкъ къуажэм щыщ Іыхьэм хьащхьхьурыуэ зэрыщымІэжьым кьыхэкІыу:

1. Тэрч щІыналъэм хьихьэ Арыкъ къуажэм щыщ Іыхьэм, Джаурджийм, Таучэм я цІэхэр зезыхьэ, Зэныбжьэгъугъэм я уэрамхэмрэ Советскэ уэрамдзкІымрэ зыхиубыдэм, щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьжьыным.

2. Къару имыІэжу кьэлъытэн «Тэрч щІыналъэм хьихьэ Арыкъ къуажэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІа (карантин) щыгъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м кьыдигъэкІа № 99-РГ-м.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ **КІУЭКІУЭ Казбек**

Налшык къалэ
2020 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м
№123-РГ

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Нобэрэ пщэдейрэ

Дыгъэгъазэм и 17, *махуэку*

♦Урысейм Іэщэкіэ Зэщіэуэзда и Къарухэм стратегие мыхьэнэ зиІэ я ракетэдзэхэм я махуэщ. Ракетэдзэхэр кьызэгъэпэщыным теухуа унафэр СССР-м и Правительствэм 1959 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м кьыдигъэкІауэ щыташ, РВСН-м и махуэр яГуэлъапІэ 2006 гъэм кьыщыщІэдзауэ.

♦Урысейм и Къэрал фельдъегер къулыкъум и лэжьакІуэхэм я махуэщ. Къэрал документхэр Іуэхущ1апІэ зэхуэмыдэхэм яІэрызыгъэхь а къулыкъум и тхыдэр жыжьэ кьыщІожьэ. Урысей император Павел Езанэм къэрал унафэр 1796 гъэм и щэкІуэгъуэм Іэщ1ыхьа нэужь ищІа япэ унафэхэм ящыщщ фельдъегер Іэнатіэр кьызэгъэщыным теухуауэ а гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Іэ зыщІидзар.

♦Белоруссие Кином и махуэщ

♦Къэзахстаным щагъэлъапІэ энергетикым и махуэр

♦1903 гъэм «Авиацэм и адзэ» кьалъытэ Райт зэкъуэшхуэу Уилберрэ Орвиллрэ ягъэунэхуащ хьэуам нэхърэ нэхъ хьэлъэ, зэрыльатэ Іэмэпсымэр.

♦1995 гъэм УФ-м и Къэрал Думэм и етІуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахащ.

♦Совет усакІуэ, СССР-ми УФ-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Ваншенкин Константин** кьызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Норвегием щыщ щІэныгъэлІ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр зыджу щыта **Фогт Ганс** кьызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я акТёр, СССР-м и цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща, «Хэкум и пащхьэ щІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Броневой Леонид** кьызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, адыгэхэм я деж печатым зэрыщыщІужьам и къэхутакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, АР-м щІыхь зиІэ и журналист **ХъуакІуэ Заур** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, къэрал лэжьакІуэ **Шыхъуэстэн Амдул-Хьэмид** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦УФрэджьІакІуэ цІэрыІуэ, КЪБР-м, Адыгейм, КЪШР-м, Ингушым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием я цІыхубэ артист **Нэхущ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

♦Телеиэтэнхэр езыгъэкІуэкІ, актрисэ «Дуней псом щынэхъ дахэ пщащэ» зэпеузм 2002 гъэм щытекІуэ **Фёдоровэ Оксанэ** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык къалэм и Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Ваншенкин Константин** кьызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щІыІэр 1 градус щхьэкІэ.

Дыгъэгъазэм и 18, *мэрем*

♦Іэпхъыщапхъуэм и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхьыщхьэм 1990 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м Іэпхъуэщапхъуэм хуейуэ кьызыхудэкІа дэтхэнэ зы лэжьакІуэми абы и унагъуэм исхэми я хуитныгъэхэр хъумэным, абыхэм кьащхьэщыжьыным теухуа унафэ кьыщтащ.

♦Урысейм къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и органхэм езыхэм я шынагъуэншэмкіэ и къудамэхэм я махуэщ

♦Урысейм и ЗАГС Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Хьэрыпыбзэм и махуэщ

♦Молдовэм и полицэм и лэжьакІуэм и махуэщ

♦1865 гъэм США-м и Конституцэм халъхьащ зэгъэзэхуэжьныгъэ. Абы пщыІыгъэр щымыІэж ищІыр.

♦1876 гъэм Петербург щекІуэкІащ Урысейм щыяпэ политикэ демонстрацэр.

♦1940 гъэм кьащтащ фашистхэр СССР-м къызэрытеузнум теухуа «План Барбороса» жьхуиІэр.

♦1958 гъэм дунейм щыяпэу США-м щаутІыпщащ связыр къызэгъэпэщыным хуэлэжьну спутникыр.

♦СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Никулин Юрий** кьызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Жамборэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦Режиссёр, сурэтщІ, телеиэтІэныгъэ езыгъэкІуэкІыу, Урысей телевиденэм и академием и академикыу, «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» нэтын щІэрыІуэм и къызэгъэпэщакІуэу щыта **Ворошилов Владимир** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Къущхьэбий Виктор** кьызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Совет кьэхьлІатэзэехуэ-космонавт, Совет Союзым ТІэунейрэ и ЛІыхъужь **Волынов Борис** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, Урысейм Художествэхэмкіэ и Академием, Испанием и сурэтыщІхэм я академием, ЩІДАА-м я академик **КІыщ Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Политик, жылагъуэ лэжьакІуэ, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-мрэ КЪБР-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Федченкэ Людмилэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Америкэм щыщ кинорежиссёр, сценарист цІэрыІуэ, продюсер, «Оскар» саугъэтыр щэнэрэ зыхагъэфэща **Спилберг Стивен** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат, «Линкор» дунейпсо компанием и генеральнэ унафэщІым и къуэдзэ **Щоджэн Іэуес** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Америкэ актёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зрата **Питт Брэд** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист икІи гъэсакІуэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп Джэгуэм дыжьын медаль къыщІэзыхьа, дунейпсо чемпион **Авербух Илья** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Журналист **Щоджэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щІыІэр градуси 4 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

● Хъуэхъу псалъэ

Федченкэ Людмилэ Михаил и пхъум деж

Пщіэ зыхуэтщІ, Людмилэ! Ди гум кьыбГэдэкІыу уи махуэшхуэмкІэ дынохъуэхъу.

ЦІыхум и гъащІэ гъуэгуанэ Іыхьэ дахэ кьызэрыпчащ икІи адрейхэм сыт щыгъуи уакъыхэщащ, Іуэхум хэпщІыкІыу уэзрыбгъэдыхьэмкІэ, лэжьыгъэр фІыуэ зэрыплъагъэмкІэ, ехьулІэныгъэ зыІэрыбгъэхьа нэужьи кьалэн нэхъ гугъужэр зэрызыхуэбгъэувыжьмкІэ. Абы щыгъуэми, сыт хуэдэ Іэнатіэ уІумытами, зэпымыууэ цІыху хьэлэту, жэуапныныгъэ пхэлъу псоми уадзгъэуэгурыкІуащ.

ЩІэн хэмылъу, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ефІэкІуэным уи къару епхьэлІу уэзрыхущІэкъуам кьыпэкІуэжащ къэрал дамыгъэ лъагэхэр. Ауэ нэгъуэщІ лъапІэныгъи уи гущІэм кьилэжьащ: ар узыхэтым пщІэ кьызэрыпхуащІыщ, уи лъахэгъуэм укъызэралъытэрщ.

Уи зэфІэкІымрэ Іущагъымрэ цІыхухэм адэкІи ящхьэпэнущ. Ди гуапэу дынохъуэхъу уи жыджэрагъым хэмыщІыну, узынщагъэ бдэдэрэ ехьулІэныгъэрэ уиІэу илъэс кудэкІэ упсэну!

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гугъуехь зымылъэгъуам гъуэгуанэ хуэшэчыркъым.

Дэфтэр лъапIэр иратыж

Дэтхэнэ ныбжьыщIэм и дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIащ балигъыпIэ зэриувэм щыхьэт техъуэ и ятп дэфтэрыр - паспортыр - кIыIэрыхьэныр. УФ-м и Конституцэм и махуэм ирихьлIэу, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм налшыкдэс ныбжьыщIэ зыбжанэм я паспортхэр щратыжащ. ЕджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ гъэщIэгъуэн ящыхьащ Урысейм и Конституцэм и тхыдэм теухуауэ ягъэхьэзыра видеогъэлъэгъуэныгъэр. Ныбжьыщ Iэхэм яхутепсэлъыхьащ Урысей къэралыгъуэм и дамыгъэ лъапIэхэм.

ДЭФТЭР лъапIэр ныбжьыщIэхэм иратыжащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Унафэщ1 **Берд Хьэзэрэталий**, палатэм Хабзэр хъумэныжмкIэ, цIыхум и хуитыныгъэмкIэ, Iулъхьэм пэщIэтыныжмрэ ОНК-м дэлажьэныжмкIэ и комиссэм и унафэщI **Бажэ Дотий**, Жылагъуэ палатэм и аппаратым и унафэщI, палатэм хэт **Дьяченкэ Аннэ** сымэ.

- Фи зэфIэкIхэм дрогушхуэ икIи ди фIэщ мэхъу дыкъыздэрыбмыгъэщIэхъуныр. Ди республикэмэ Урысеймэ я цIыху пэж къыфхэкIыну дыфщогугъ. Иджы балигъ фыхъуащи, нэхъыщIэхэр къыздэлъхьеин, щапхъэ къыдфрахын хуейщ, - захуигъэзащ еджакIуэхэм Бажэ Дотий икIи ехъэхъуащ узынщагъэ яIэну, еджэным щехъулIэну.

Дьяченкэ Аннэ къыхигъэщащ паспорт къызыIэрыхьа цIыхур гъащIэм и пычыгъуэщIэм зэрыхэбакъуэр.

- Сыт къикIыр Урысейм и цIыхуу уцытыным? Абы къокI къэралым къигъэув хабзэхэм утетыныр, адэжь щIыналъэр фIыуэ плъагъуныр,хэкупсэуущытыныр, къэралым и тхыдэмрэ и щэнхабзэмрэ плъытэныр, хуей хъумэ, абы укъыщхьэщыжыным хузхьэзыру ущытыныр. Зыщымыгъэгъупщэ: дэтхэнэ зыми елъытащ ди къэралышхуэм и къэкIуэнур зыхуэдэнур, - жиIащ абы.

Берд Хьэзрэталий къытеувыащ щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэн зэрыхуейм, къыдэкIуэтея нэужь къэралым и цIыхухэм пщIэ иIэу яхэувэным зэрыхуэхьэзырыпхьэм.

- Урысейм и цIыху ныбжьыщIэхэ! Нобэ щегъэжьауэ фэ къэралым хуитынытыгъэшхуэкIэ къывет. Ауэ зыщымыгъэгъупщэ абы къыдэкIуэу къалэн къэди фи пщэ къыззрыдэхуэр. Къэралым и цIыху фыхъуащи, а цIэр щывгъэпэжын хуейщ еджэныгъэм, творчествэм, Iуэху зэхуэмыдэхэм. Iуэху щхьэпэхэр влэжь цIыхуэм гуапэу фахущыт! Фи гъащIэ гъэгум насыпрэ ехъулIэныгъэрэ фыщыIущIэну Тхьэм жиIэ! - ехъэхъуащ Бердыр ныбжьыщIэхэм.

Дэфтэр лъапIэр зыIэрыхьэжа ныбжьыщIэхэм КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и дамыгъэр зытет блокнотхэр, УФ-м и Конституцэр зэрыт тхылъхэр ираташ.

ЧЭРТЫ Ольгэ.

БозиЙ Натбий Мухьэмэд и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщIыныгъэ хьэпIэ игъэтащ. 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м и ныбжьыр илъэс 71-м иту дунейм ехьажащ республикэм и къэрал къулыкъущIэшхуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщагъэ Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэр.

Натбий Мухьэмэд и къуэр КъБР-м щыщ Аруан щIыналъэм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм 1950 гъэм накъыгъэм и 25-м къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэныгъэхьащ икIи ар ехъулIэныгъэкIэ 1972 гъэм къиуауащ, инженер-ухуакIуэ Iэщ1агъэр иIэу.

Лэжьэн щIидзащ «Каббалкмежколхозстрой» зэгухьэныгъэм и Аруан МКСУ-1-м и ПТО-м и инженеру, иужькIэ мастеру, инженер нэхъыщхьэу, управленэм и унафэщIу щытащ. 1980 гъэм къыщыщIэдзауэ ар КПСС-м и Аруан щIыналъэ комитетым и секретарщ, 1983 - 1986 гъэхэм цIыхубэ депутатхэм я Аруан щIыналъэ Советым и исполкомым и унафэщIщ.

1985 гъэм Бозий Н. М. Ростов дэт парт школ нэхъыщхьэр къиухащ, политолог Iэщ1агъэр игъэтауэ.

1986 - 1992 гъэхэм ар лэжьащ КПСС-м и Тэрч щIыналъэ комитетым и ятп секретару, иужькIэ цIыхубэ депутатхэм я Тэрч щIыналъэ Советым и унафэщIу. ИужькIэ илъэсихкIэ ар и Iэтащхьэу щытащ Аруан щIыналъэм и администрацэм. 1998 - 2003 гъэхэм ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмкIэ и министру щытащ.

Бозий Н.М. хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и епщыкIутIанэ зэхуэсыгъэм и депутату, КъБР-м и Парламентым ЛIыкIуэхэмкIэ и Советым и ятп, етIуанэ зэхуэгъэсыгъуэхэм я депутату, КъБР-м и Парламентым и ещанэ, еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэхэм хабзэубзыху органым и УнафэщIым и къуэдзэу лэжьащ.

Республикэм и лIыкIуэ, хабзэубзыху органым и депутату щытклэрэ, Натбий Мухьэмэд и къуэм жэуаплныгъэшхуэ хэлъу икIи Iуэхум хуэIэзэу жыджэру хэтащ хабзэубзыху лэжьыгъэм.

Бозий Н. М. ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщагъуэ икIи республикэм и къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ органхэмрэ щIэнэгъэхуэн яхуэхъуащ КъБР-м къыпэщыт социально-экономикэ кIалэнхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ езыхэм я пщэ къыдэхуэхэр ехъулIэныгъэкIэ, сэбэныгъэ нэхъыбэ къыдэкIуэу абыхэм зэфIагъэкIыныжмкIэ.

Натбий Мухьэмэд и къуэм и лэжьыгъэфIэхэм папщIэ къэрал гульытэ игъэтащ. Абы къыхуагъэфэщащ Зэныбжьэгъуагъэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр, медаль зэмылIэужьыгъуэхэр. Бозийм къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ льапIэр.

Бозий Н. М. хабзэубзыху Iэнатlэм щызэфIигъэкIа лэжьыгъэшхуэм къыпэкIуэу къратащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и палатитIми я ЩIыхь тхылъхэр, Къэрал Думэм «Парламентаризмэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» и дамыгъэр, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр. Абы къратащ «Урысейм пщIэ зиIэ и ухуакIуэ» дамыгъэр, Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я дамыгъэ льапIэхэр. Натбий Мухьэмэд и къуэр Мэхъэчкъалэрэ Тэрч къалэмрэ щIыхь зиIэ я цIыхуц.

Къэрал, хозяйственнэ, жылагъуэ Iуэхуэхэм я сыт хуэдэ Iэнатlэми Бозий Н. М. и къару, щIэныгъэ, Iэзэгъэ емыблэжу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэкъуэтыныгъэр хъумэным, республикэм зиужьыным, ар ефIэкIуэным хьэлэлу хуэлажьэу пэрытащ. Ар дзыхь зэбгъэз хъу ныбжьэгъу пэжу, и унагъэм исхэм яхуэгуапэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ щыпкъэхэм ящыщ зым, зи псальэм тебгъуэтэжу, жэуаплныгъэ зыхэлъу, ныбжьэгъу гумащIэу, цIыхум и гуныкъуэгъуэр зыхэзыщIэу щытам и фэеплъ нэхур игъащIэкIэ дигу илъынщ.

Iуэхуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Къуэдзокъуэ М. М., Мэкъуауэ Т. Э., Ажий В. Хь., Алътуд Ю. Кь., Аттаев Ж. Ж., Беппаев С. У., Бэрбэч А. Хь., Берд Хь. А., Бечелов И. Б., Быф А. Ж., Геккиев З. Д., Геляхов А. С., Джэш В. М., Говоров С. А., Губин Г. С., Дадз М. А., Жанатаев С. А., Жаным Р. М., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Къанокъуэ А. Б., Канунников А. Д., Къардэн М. Н., Къармокъуэ Хь. М., Клевцов М. М., КIуэкIуэ Ю. А., Къуныжь М. А., Маслов М. А., Марьяш И. Е., Нэхущ З. А., Пэнагуэ М. А., Сэхъу В. Кь., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Кь., Тау Кь. Б., Ульбашев М. М., Уянаевэ А. М., Федченкэ Л. М., Хьэщхъуэжь А. Б., ХьэфIыщIэ М. М., Хъубий М. Б., Чеченов А. А., Шыхъуэбахъуэ М. Хь., ЩхьэгуэшI А. Л.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым ЛIыкIуэхэмкIэ и Советым и ятп-етIуанэ зэхуэгъэсыгъуэхэм я депутату щыта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ-еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэхэм Парламентым и Унафэщым и къуэдзэу лэжьа **Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэм** и Iыхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым ЛIыкIуэхэмкIэ и Советым и ятп-етIуанэ зэхуэгъэсыгъуэхэм я депутату щыта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ зэхуэгъэсыгъуэхэм Парламентым и Унафэщым и къуэдзэу лэжьа **Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэм** и Iыхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым Хабзэм екъэлIа IуэхуэхэмкIэ и управленэм и чэнджэщагъэ **Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Iэхуэхэм я къыздэкIуэтэжа, мылъку я лъэныкъуэкIэ зэтеуэхуэу щытыныкIэ и управленэм и лжьакIуэ пажэ **Кумыщ Аринэ Руслан и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Бабаевэ Жангюлюсхан Лэкъумэн и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыIэрыхьащ COVID-19-м пэщIэтыф вакцинэу 200

КъБР-м къашащ «Гам-КОВИД-вак» вакцинэ лIэужьыгъуэу 2000. Апхуэдэу иужькIи хэIуГуэ 509-рэ къаIэрыхьэнущ.

«Гам-КОВИД-вак»-р, сату щащIкIэ къагъэсэбэпыну «Спутник-V» цIэр зыфIащар, COVID-19-м пэщIэтыф, пкъыгъуитIу зэхэлъ мастащ. Ар «Гамалей Н. Ф. и цIэр зезыхьэ НИЦЭМ» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэмрэ Урысейм ЗыхъумэжныгъэмкIэ и министерствэм и «48-й ЦНИИ» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэмрэ ягъэхьэзыращ.

Вакцинэр щэбэт кIуам хэлъхьэн щIидзащ медицинэ Iуэхущ1апIэхэм я лжьакIуэхэм. Ар щыхьIунущ къэрал клиникэ сымаджэщ №2-мрэ Налшык дэт поликлиникэ №1-мрэ къыщыззрагъэпэща пунктхэм. Вакцинэр нэхъыбэу къаIэрыхьэрэ коронавирусым щызыхъумэ мастэр хэIуным хуэунэтIа лжьыгъэр щэщIауэ зэтрагъуэзэ, хущхъуэгъуэр щыхалъхьэ щIыпIэхэр къыщызIуахынущ КъБР-м Уэныншагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм и поликлиникэхэмрэ абыхэм егъэщIылIа Iэнатlэхэмрэ.

COVID-19-м и вакцинэр куэду хаIуу щIидзэнущ 2021 гъэм. Псом япэу ар зыхрагъэлъхьэну Iэмал яIэнущ медицинэ, егъэджэныгъэ, транспортым, коммуналь Iэнатlэхэм, хабзэхъумэ органхэм я лжьакIуэхэм, тхьэмбыл, фошыгъу, гу-лъынитхуэ узыфэхэр зыпхъ-рытхэм, дзэ, къэрал, муниципальнэ къулыкъуэхэм пэрытхэм, таможнэм, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэным пыщIа къудамэхэм, социальнэ Iэнатlэхэмрэ МФЦ-хэмрэ щыIэхэм.

Хущхъуэгъуэр щIыналъэм къэшэным пыщIа Iуэхуэхэр зэрызэпащIэфынур ягъэунэхун муradкIэ нэхъ пасэу республикэм къашат коронавирус уз зэрыцIалэр цIыхум къезымыгъэуалIэ вакцинэ 42-рэ. Ар зыхалъхьахэм яхэтщ медицинэ Iуэхущ1апIэхэм я лжьакIуэхэр,уз гъэтIылъэ зиIэхэр,МЧС-м и лIыкIуэхэр. А псоми мастэр хъарзынэу езэгъащ, иужькIэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэпэгъуамкIи, коронавирус къаззремыуэлIэнум и щIыхьэт пкъыгъуэхэр абыхэм я Iэпкъльапкъэм иIэ хъуауэ къыщIэкIащ.

Коронавирусым пэщIэт мастэр цIыхур COVID-19-м щыхъумэным, узыфэм земыгъэубгъуным хуэгъэпсащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КIыкъитIакъ

● Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **5.** Уэрэд жызыIэ къуалэбзу цIыкIу. **6.** Жумэрэным нэгъуэщIу зэреджэр. **10.** Ди мэзхэм щыпсэууэ щыта псэущхьэ ин. **11.** Шэ зи шхыныгъуэ псэущхьэ. **12.** Тенджыз Iуфэм щыпсэу къуалэбзу. **15.** Щхьэпоп зиIэ, псым тесырей къуалэбзу цIыкIу. **18.** Щ1оджэнцIыкIу Алий и поэмэ. **19.** Губгъуэ бзу лъэпкъ. (Луговой чекан). **20.** Псым щыпсэу зыхущIхупщ, лъакъуэ куэд щIэту. **21.** Дыгъужьыр щыпсэу щыта къитхъуа. **25.** Ди мэзхэм къыщыкI жыг быдэ лъэпкъ. **26.** Цыыв пльыжь цIыкIу, Iэпапlэ фIыцIэхэр хэсу. **27.** Къашыргъэ лъэпкъ, ягъасэрэ ирищакIуэу, нэ жан иIэу. **31.** Нарт Бэдыноккъэ ирата бжьэм хатlэпIокъа. **33.** Бжьэр зэрыуэ. **34.** Гъавэ зэракIыщгъэ кхъуэнэ. **35.** Илъэс зи ныбжь гъэльэхъу. **36.** Зи фэр хужь бдзэжьей лъэпкъ.

Къехыу: **1.** ЩIым хущIыхь псэуалъэ. **2.** КхъуэпIащ1эдзэ. **3.** Чёрнэ Речкэ хуэажэмрэ Благовещенскэрэ я зэхуакум дэлъ щIыпIэ. **4.** Илъэс зи ныбжь тIы. **7.** ЩIыпIэ дзэдзыхазэм щыпсэууэ жыхуаIэ псэущхьэ. **8.** Зи тхьэмпэхэр щырыщу зэхэт, гъэгъа хъурей цIыкIуэр къызыпыкIэ удз. **9.** Жэщым къэзылъэтыхь псэущхьэ. **13.** Шэдылъэ щIыпIэхэм щыпсэу къуалэбзу. **14.** Гъатхэм кьежьэ цIыв гъуэжьыфэ лIужьыгъуэ. **16.** Лъакъуэшхуэ зыпыт мэз джэд лъэпкъ. **17.** ЗэрызэгурыIуа уасэм щыщ Iыхьэ. **22.** И щхьэ щIыбым къыщыщIидзэрэ тхымкIэ ирипсэу кусэ фIыцIэхэр зиIэ бзу. **23.** Нартхэ я Iэхъуэ. **24.** Бзу щхьэ пIыкъ цIыкIу. **28.** Уэ зи хабзэ, щхъухь зезыхьэ блэ. **29.** Бдзэжьей пIащэ лъэпкъ, фIы-цIафэу, пащIэ псыгъуэ кIыхь тету. **30.** Псы къабзэхэм фIэкIа щымыпсэу бдзэжьей. **32.** Цыкъаным ещхь бзу цIыкIу, удз жылэхэр зи шхыныгъуэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

Пасэрей Іэужьым и нобэрей ежьу

Республики 5-м я цІыхубэ артист Нэхущ Чэрим и махуэщ



Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш республикэхэм я цІыхубэ артист, лъэпкъым къызэрымыкІуэу фІыуэ тлъагъу Нэхущ Чэрим и ныбжьыр нобэ илъэс 50 ирокъу.

Чэрим утыкум къызэрихьэрэ псалъэ гуапэу хужаІам, абы цІыху цІэрыІуэу къыщытхъуам и куэдагъыр къэппщытэныр, дауи, тыншкъым, ауэ абы и творчествэм ухэплъа иужькІэ, щхьэхуимыту «Щэ и уасэу зы!» жыІэгъуэр уигу къокІ. Тхьэм и нэфІыр къытщыхуат Чэрим лъэпкъым къыщытхэхъуам. Си псалъэхэм щыхьэт техъуэфынущ абы и концертхэм зэ нэхъ мыхъуми щІэса дэтхэнэри, абы щІэт хьэуам и ІэфІагъыр зыхэзыщІар. Ашэмэз и бжамийм хуэдэу, Нэхущым и макъым зэм дунейр зэщІегъэгъагъэ, зэми уи нэпсхэр кърегъакІуэ.

Адыгагъэр, зэрытщІэщи, къыщежьэр ІуэхущІафэрщ, псэукІэрщ, лъэпкъым хуэпщІа, хуэбгъэтІылъа тыхьырщ. Абы и уэрэдхэм, щтаучым хуэдэу, адыгэлъыр зэщІагъаплъэ. Ар уэрэджыІакІуэ къудейуэ къэлъытэныр щыуагъэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, уэрэджыІакІуэ къалэным куэдкІэ йобэкІ пщэрылъ зыщищІыжауэ лъэпкъым хуилэжьыр. Куэд щыгъуазэкъым абы нэхъыщІэхэр ущиином, гъуэгу захуэ тегъэувэным, щэнхабзэм и къудамэ хэхахэр егъэфІэкІуэным, къэгъэщІэрэщІэжыным, псапэ Іуэхухэм зэман куэд, мылъкушхуэ зэрахухихым. Пэжщ, псори арэзы зыщІыфа щыІэкъым, ауэ цІыху Іущ гуэрми зэрыжиІауэ: «Зыгуэрым и гъащІэ гъуэгум утепсэлъыхьын ипэкІэ абы и вакъитІым тІэкІурэ ити еплъ». ГурыІуэгъуэщ ар лъэпкъым и уІэгъэ псоми хущхъуэ зэрахуэмыхъунур, абыкІэ зы цІыхум ущыгугъыу ущысынри щхьэгъэпцІэжщ. Ауэ, нобэ тцІыху щІалэм Тхьэм кърита зэфІэкІым езыр пылъхьэншэу емыгугъуамэ, «Нэхущ Чэрим» (1996 гъэ), «Песня - дорога жизни» (2000 гъэ), «Гугъэм гъащІэ къызетыж» (2006 гъэ), «Уэрэд-къафэм фыкъыпэджэж» (2006 гъэ), «Five» (2008 гъэ), «Рассвет» (2016 гъэ), «Хъуапсэ и псэ» (2017 гъэ) альбом гуимыхужхэр дунейм къытехьэнтэкъым, цІыху миниблым щІигъу зыщІэхуэ «Крокус Сити Холл» пэш иным концерт телъыджэхэр щитынтэкъым. Дуней псом щикъухьа зы адыги щыІэу къыщІэкІынкъым Чэрим и концертым щІэсыну емыхъуапсэ. А щхьэусыгъуэращ зыбжанэрэ ирагъэблагъэурэ абы Иорданием, Сирием, Тыркум, Германием, Голландием, Инджылызым концертхэр къыщІыщыхузэрагъэпэщар. Абы цІэ лъапІэ куэд къыхуагъэфэщащ, ауэ къызэрымыкІуэу уи гуапэ мэхъу, апхуэдиз ехъулІэныгъэр зыІэрызыгъэхьа ди лъэпкъэгъу щІалэм, щытхъу бжыгъэншэхэм и нэм мэІуху къытрамыгъэхьэу, япэ дыдэу утыкум къыщихьам хуэдэу, зэпІэзэрыту, къызэрыгуэкІыу зэрызиІыгъыр. Ар куэдкІэ я фІыгъэщ напэ къабзагъэр беягъэу къыщалъытэ, ар къызыдэкІа Зеикъуэ жылэжьым, и адэ-анэм зыхапІыкІа адыгэ дуней телъыджэм. Абы езы Нэхущым куэдрэ и гугъу ещІ, ауэ нэхъыщхьэр а хабзэ дахэхэмкІэ езым и унагъуэ жьэгур зэригъэплъырщ, цІыхугъэмрэ зэхэщІыкІымрэ гущхьэдэсэу зэрызэрихьэрщ.

Нэрыщэ-гурыщэкІэ Чэрим зыри къызэрыхимыхыр и уэрэдхэми, ІуэхущІафэхэми, ныбжьэгъухэми гурыІуэгъуэ ящІ. Арауэ пІэрэ-тІэ ехъулІэныгъэм и щэхур зыхэлъыр? Абы и жэуапымкІи нэгъуэщІ куэдкІи къыщыддэгуэшащ Нэхущ Чэрим и махуэм ирихьэлІэу къеІытха интервьюм. Ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ ди зэпсэлъэныгъэр.

- Ныбжь гуэрым цІыхур щынэсым деж, къызоплъэкІыжри, и Іэужь хоплъэж. Адыгэ дунейр зытхьэкъуа, иджыблагъэ уи къалэмыпэм къыщІэкІа «Хъуэпсэгъуэ гъащІэ» уэрэдым и псалъэхэр уи гъуэгуанэм къыхэтІэпІыкІа хьэмэрэ ар лъагъуныгъэ уэрэд къудей?

- ПцІыр сыткІэ щхьэпэ, сыкъыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу мы уэрэдыр згъэхьэзыракъым, абы ирихьэлІауэ аращ армыхъумэ. Уэрэдым щІэлъ макъамэр «Иуанхэ я къафэ» фІэщыгъэм щІэту нэхъ ипэкІэ Иуан БетІал и Іэдакъэ къыщІэкІауэ щыІэххэт. Къафэм и зэхэлъыкІэмрэ уэрэдым щІалъхьэ макъамэмрэ зэщхьэщыкІыныгъэ яІэщтІэ. «Иуанхэ я къафэр» уэрэдыпкъ хьэзыру зэхэлът. «БетІал, ягъэ кІынкъым, Иуанхэ яхуэптха къафэ цІыкІур къызэт!» - щыжесІэм, мащІэу Іэнкун хъуами, сыкъимыгъэщІэхъуу, ар уэрэдуи къафэуи дунейм тетыным арэзы техъуащ. Аращ, «Хъуэпсэгъуэ гъащІэр» къызэрытІэпІыкІари, сыщогугъ абы фІы куэд цІыхум я гум къыщигъэушыну.

Ауэ гукъанэрэ гукъэкІрэ къыпхуэмыщІэу, а зи гугъу сщІахэм гу зэрылъатар зыкъызагъэщІэну «Ярэби, уи зэфІэкІыр абдеж щыбухауэ арауэ пІэрэ, иужьрейхэр зэфэзэщ пфІохъури?» - жаІэурэ къызэзыІуэкІ щыІэщи, апхуэдэхэм яжесІэну сыхуейт, а уэрэдхэм узыщрихьэлІэ зэтехуэныгъэхэр си «хъэтІым» и Іэужьу зэрыщытыр. Сыт хуэдэ творческэ цІыхуми и Іэужь зытелъыр хэмыгъуащэу къраціыхужу зэрыщытым хуэдэу, сэри ар си мыхъурщ.

Уэрэдым и купщІэр сэ къызэрызэхьэлІам ущІэупщІэмэ, ар си гъащІэм къыхэсха гухэлъщ, дахагъэщ, абы сэ зыпыІуздзынри щхьэгъэпцІэжщ. ГъащІэр фІыуэ умылъагъумэ, хъуэпсэгъуэ псэукІэкъым узытетхыхьынур. ЗанщІэу жызоІэ си Іэдакъэ къыщІэкІар бэлыхьлажьэу, ар лъагапІэ гуэрым сІэту зэрыщымытыр - абы хуэфащэ увыпІэр езым игъуэтыжынщ. Уэрэдыр фІымэ, цІыхубэм къажьэдэнэнущ, мыфІмэ, къызыхэкІа хьэуам хэзэрыхьыжынущ. ФІылъагъуныгъэ зыхэзымыщІа зы цІыху балигъи щыІэу къыщІэкІынкъыми, дэтхэнэри уэрэдым щедаІуэкІэ фІым хуигъэплъэнырщ абы и щІагъыбзэр.

- Зытеухуа елъытауэ, сыт хуэдэ уэрэдхэра цІыхубэм нэхъыфІу ялъагъур?

- ГъащІэм щилъэгъуам теухуа дэтхэнэри цІыхум и щхьэм хуехьри, фІыуэ елъагъу. Абы къыхэкІыу, хэдэхэх сщІыныр сфІэщыуагъэщ. Уэрэдыр жызыІэм, зытхам къазэрехъулІарщ псори зэлъытыжар.

- Адыгэ лъэпкъым къызэрымыкІуэу фІыуэ илъагъу, зи макъ, псэукІэ, ІуэхущІафэ хъуэпсэгъуэу къалъытэ Нэхущ Чэрим дежкІэ хъуэпсэгъуэ гъащІэр сыт?

- Гукъеуэ уимыІэу, уи узыншагъэр щызу, уи щІыбагъ гузэвэгъуэ дэмылъу, уи нэхъыжь пхуэпсэууэ, уи бынунэр сыхуей хуэзэу, пІэщхьагъ тыншу уиІэныр [illegible] унасыпыфІэу зыкъэплъытэж хъунущ.

- Сценэм укъыщыхьа махуэм щегъэжьауэ - илъэс 30-м щІигъуауэ - адыгэ утыкур богъэбжьыфІэ, уэркІэ а утыкур къару хэхъуапІэ хъэмэрэ?..

- ТІури зэгъусэщ. Ауэ нэхъыщхьэр аракъым, атІэ, абы уи бгыр зэрыщІикъуэзэрщ. ЦІыхум я гум удыхьэу плъагъумэ, къыпхуэпабгъэу къыпкІэлъыкІуэмэ, ар насыпщ. Абы къару темыкІуадэу жысІэныр фэрыщІыгъэщ, а къарур щыуэ-плІыуэ гъэбэгъуауэ къуетыж цІыху лъагъуныгъэм. Сабийхэм я деж къыщыщІэдзауэ нэхъыжьхэмкІэ иухыжу, си концертхэм къекІуалІэ дэтхэнэми сахуэарэзыщ хуабжьу, псоми я цІэр сщІамэ, зырызу къысІуэнти, фІыщІэ яхуэсщІынт.

Нэхъ иужьыІуэкІэ ста концертхэм язым пэшым щІэсхэм сахыхьауэ, зы цІыхубз къэІэбэщ, микрофоныр сІихри: «АІей,Чэрим! Илъэс 30 хъуауэ уи концертхэм зы дэдмыгъэхуауэ дыкъокІуэри, дэ жьы дыхъуащ, уэ узэрыщІалэщ», - жиІэри псори зэщІигъэдыхьэшхат. СфІэфІщ апхуэдэ гушыІэ дахэ зыхэлъ цІыху нэфІэгуфІэхэр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэманыр гугъу хъуащ. Яшхын, щатІэгъэн, я унагъуэм ирагъэкІуэдэн къелыжауэ псоми зэрамыІэр сощІэ, ауэ абыхэми къыдагъэхуэу си концерт къекІуалІэхэм лъэгуажьэиуэу щхьэщэшхуэ яхузощІ.

- МакъамэфІым и къарур инщ, ар куцІым хохьэри, узэщІеубыдэ. Ар едаІуэм дежкІэщ, жызыІэм ар нэхъ куужу зыхищІэ къыщІэкІынщ...

- Пэж дыдэщ. Уэрэдыпкъымрэ псалъэхэмрэ ныкъуэхьу зэбгъэдоувэ. Сэ сызэреплъымкІэ, макъамэмрэ псалъэмрэ зэрытемыгъакІуэу фІы хъумэщ уэрэдыр къыщохъулІэнур.

- Чэрим, адыгэ утыкум, щэнхабзэ дунейм урикъану жыпІэ хъунущ, шэч хэмылъу, абы и къэкІуэнум, нобэм хъуэпсапІэ, хэхахэр хууиІэ къыщІэкІынщ...

- УзыгъэлъапІэри узыІэтри къыпкІэлъыкІуэ цІыхухэращ, апхуэдэ дыдэуи ухэзыутэфынур ахэращ. Емызэшыжу къыскІэлъыкІуэхэр си ехъулІэныгъэхэр зи фІыщІэхэм ящыщщ. Сценэм хузиІэу къекІуэкІ хъуэпсапІэхэм ящыщт адыгэхэм ди зэхэтыкІэ дахэр екІуу зэхэгъэувауэ утыкум щызгъэлъэгъуэныр. Абы и Іыхьэ кІапэ схузэфІэкІауэ къалъытэмэ, сынасыпыфІэт.

- Иджырей гуфІэгъуэ зэхыхьэ куэдым, абы щызекІуэ хабзэм, зэхэтыкІэм мащІэу я гугъу уэзгъэщІынут.

- Ди гуапэми, ди жагъуэми зэманым куэдым зыдехъуэж, щІехъумэ. Пасэ зэманым ди лъэпкъыр зэрыщытам, абы зэрихьа хабзэхэм зэхъуэкІыныгъэ, хэлъхьэныгъэ гуэр хуамыщІу нобэ утыку итамэ, зыужьыныгъэ ин зыгъуэта дунейм емыкІужынкІи хъунут. Къаплъэр къехъуапсэу уи хабзэр зепхьэн папщІэ, пасэрейм зэрыжиІащи, «Пасэрей Іэужьым нобэрей ежьу» щІэбгъэувэфын хуейщ. А жыІэгъуэр псом хуэмыдэу ди иджырей хьэгъуэлІыгъуэ зэхэтыкІэхэм епхьэлІэ хъунущ. Нэхъыжь куэд мыарэзыуэ щІалэщІэхэм кърахьэжьэжа Іуэхум топсэлъыхь, лъэпкъ хабзэжьхэм хэмыта куэд хагъэхьауэ ехъурджауэу. Пэжщ, нэгъуэщІущ зэрыщытар, ауэ «Зэманым декІур лІыфІщ» - псалъэ пэжхэри жызыІар адыгэракъэ! Зыужьыныгъэ зыгъуэта дунейм и лъагапІэхэм удэплъеин, ауэ щыхъукІи укъы- [illegible]

- ЦІыхубэмрэ эстраднэмрэ зэхІуу яку дэтщ уи уэрэдхэр, а лъэмыжыр уи творчествэм хэт щхьэхуэныгъэхэм я нэхъыщхьэу къысщохъу. Апхуэдэ дыдэу, сэ сызэреплъымкІэ, лъэмыж къахуэбгъуэтауэ пасэрей хабзэжьхэр ди гъащІэм екІуу, езэгъыу зыбохьэ...

- ЗанщІэу жысІэну сыхуейт, ди лъэпкъ хабзэр зыхэмызэгъэнрэ къыщемызэгъынрэ мы дуней гугъусыгъум зэрыщымыІэр. Апхуэдэ хабзэ зимыІэр ар зэригъэпэщыным щІохъуэпс. Ар къызыдалъхуахэм зыпыІуамыдзу, зыщамыдзейуэ, зезыхьэжыфын, зи къару къыдэкІын дэтхэнэри дыхъуну си хъуэпсапІэщ.

- Иджырей уэрэдусу узыдэлажьэхэм, уэрэдыщІэ къыщыхэпхкІэ узэплъ Іуэхугъуэхэм я гугъу уэзгъэщІынут.

- Сыт хуэдэ Іуэхуми утелэжьэху нэхъыфІ хъууэрэ, ефІакІуэурэ макІуэ. Сэри утыкум сыкъызэрихьэрэ, а унэтІыныгъэм хэсыхьа сызэрыхъуным, си къэухьым зэрызезгъэубгъуным сыхущІокъу. Макъамэ сыщрагъэдаІуэкІэ, сэ сэкІунури сэщхьри солъагъу, ар япэу утыку къыщисхьэнур занщІэу си нэгу къыщІохьэ. Нэхъыщхьэращи, ар зи пащхьэ къисхьэнухэм я фІэщ схуэщІынрэ схуэмыщІынрэ къызолъытэ, макъамэм дэщІыгъуу гулъытэшхуэ хузощІ псалъэхэми. Си адэм къызжиІэрейт: «КІуати-къэкІуэжати, тлъагъужыртэкъыми - жыпІэу куэдрэ укъемыкІуэкІ. Уэрэдым щІэдзапІэ - курыт - кІэух иІэу, узытепсэлъыхьыр цІыхухэм къагурыІуэу, пэщІэдзэр умышхыу, кІэухыр пумышхыкІыу щытыпхъэщ, арыншамэ, утыкум укъимыхьэми хъунущ». Си адэм жиІар кІуэ пэтми нэхъ кууэ къыспкърохьэ.

Ди щхьэщыгу итым апхуэдэ гъуэтыгъуэ сригъахуэри, уэрэдус куэдым садэлэжьэну си насып къикІащ. Абыхэм си пщІи, си зэфІэкІи яІэтащ. Иджыпсту сызыдэлажьэхэри мащІэкъым. УащымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым зэфІэкІ дахэ яІэу утыкум къихьа ди щІалэгъуалэм. Уэрэд жыІэн щыщІэздзам щегъэжьауэ Думэн Мурадин сыдолажьэ, си гум къипсэлъыкІам хуэдэу, и уэрэдхэр дахэ защІэщ. Ауэ, иужьрейхэм театр Іуэхухэм нэхъ трегъащІэри, селъэІу пэтми, схуитхыжІакъым. Абы иужькІэ Мамий Аслъэн и цІэр къисІуэну сыхуейщ, абырэ сэрэ икІи дызэдеджащ. Аслъэн и уэрэд куэд жысІащ, абы ноби и къалэмыпэр жанщ. Иужьрей зэманым Иуан БетІалрэ сэрэ дызэгурыІуэу дызэдолажьэ, цІыхум ягу дыхьэ уэрэд зыбжанэ дунейм къытедгъэхьащ. БетІал сэ схуитххэм къиіщынэмыщІауэ, езым игъэзащІэхэми адыгэм и зэпІэзэрытагъыр къыхощ, адыгэгу, адыгэпсэ зэрыхилъхьэм и фІагъыр егъэбагъуэ.

- Иужьрей зэманым уздэщыІа къэралхэмрэ абы щыбгъэзэщІа программэхэмрэ дыщыбгъэгъуэзэфын?

- Интернетым и фІыгъэкІэ зы Іуэхугъуи гулъытэншэу къанэркъым. Концертыр щекІуэкІа пэшым щІэсам хуэдищ-плІыкІэ нэхъыбэ йоплъыжри, щэхуи щІэуфаи зыри щыІэжкъым. Ауэ [illegible] Тыркум хыхьэ Къайсэр къалэм (куэд [illegible]), концерт щыттари, адыгэ фащэкІэ хуэпауэ, ныбжь зиІэ зы адыгэ лІыжь къекІуэкІауэ си пащхьэ къист.

Сэ утыкум сыкъихьэмэ, сыздыщхьэщыувэ курыкупсэм деж, япэ сатырым, щысти, макъамэхэр иныІуэу къедгъауэмэ къытехьэлъэнкІэ сышынэрт. Загъуэ-загъуэкІэ сыщІэупщІэрти, зэм къэІэбэри, микрофоныр сІихащ. «Си щІалэ, макъамэр иныІуэти, цІыкІуІуэти жыхуэпІэхэракъым къысфІэІуэхур. Мы щІыналъэм ди адэм и адэжхэр зэрыщетІысэхрэ дызэкъуэмыхуу дызэрыІыгъын, ди бзэр, хабзэр зетхьэжын, ар щІэблэм къедгъэщтэн папщІэ къамыгупсысарэ зызрамыпщытарэ щыІэу къыщІэкІынкъыми, ныщхьэбэ си нэм илъагъумрэ си тхьэкІумэм зэхихымкІэ зызгъэнщІыркъым. Сэ нобэ къызгурыІуащ лъэпкъыр мыкІуэдыжын щхьэкІэ щІэн хуейр - ар нобэ дызыхэбгъаплъэращ!» - абы иджыри псалъэ дыгъэл куэд къыкІэлъыкІуащ, ауэ нэхъыщхьэр а щытхъупсракъым, атІэ, гъащІэ зылъэгъуа нэхъыжьым и гум къыщызгъэушыфа гурыщІэхэрщ. СэркІэ абы ефІэкІын мылъкуи былыми щыІэу къыщІэкІынкъым.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм сыщыкІуам, а къэралым япэ дыдэ дэтІысхьауэ щыта адыгэ щІалэ Натхъуэ Къадир и унагъуэм сыщыІащ. Къэзмылэжьа хуэдиз пщІэ къысхуащІащ, хьэщІагъэшхуэ къызахауэ щытащ. Къадир Адыгэ Хасэ къызэригъэпэщауэ щыІэти, абыи срагъэблэгъащ. Арати, тхьэмадэ жьакІэхухэр къотэджри къысщотхъу, зыр, етІуанэр, ещанэр... СыщІалэми, нэхъыжьхэм фІыщІэ яхуэсщІыну къыстехуэрти, сыкъэтэджри си къэухь къызэрихькІэ адыгэбзэ яжесІащ. Си яужь кІэщІкІэ Къадир къэтэджри: «Уа, маржэ хъужыхэнхэ, мы щІалэм Алыхьыр къызэрыхуэупсар макъ къудейкІэкъым, ар мыхъуами, абы и бзэмрэ и хабзэмрэ зэрыузэщІари къэзыгъэщІам кърита фІыгъуэшхуэщ. Ягъэ кІынкъым щІалэгъуалэм абы гу лъыфтэрэ щапхъэ фхуэхъумэ»,- жиІэри аргуэру си щхьэфэцым зригъэІэтат.

Къэрал къэс зыгуэркІэ гукъинэж сщыхъуащ. Нэмыцэм дыщыІэу хэкум зэи къэмыкІуэжыфа ди лъэпкъэгъухэм ящыщ бзылъхугъитІ къызбгъэдыхьэри, гуапагъэ защІэкІэ сагъэнщІат. Концерт нэужьым бзылъхугъэм и нэ къыстримыгъэкІыу къызэрызэплъыр слъэгъуати, сэри абы гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэсщІыным сыхущІэкъуу сыщыбгъэдыхьэм: «А, си щІалэ цІыкІу, адрейхэр къэгъэнауэ, си закъуэ нобэ къысхуэпщІар зыхуэдизыр уэ езым къыбгурыІуэж хъункъым. Зэи си нэм имылъэгъуа хэкур си нэгу къыщІэбгъэхьащ, абы щызэрахьэ адыгагъэр си нэгу щІэкІащ», - къызжиІащ. Бзылъхугъэр игъусэм щигъэпІащІэм: «УкІытэм, хабзэм къыхэкІкІэ, сызыхуимыт си Іэпкълъэпкъыр Іусхыжми, сызыхуит си гум зыпщимыгъэнщІауэ уигъусэу къызогъанэ», - къызжиІат. А псалъэхэм слъэмыкІыу си нэпсхэр кърагъэкІуат. Апхуэдэ дакъикъэхэм фІыщІэ хузощІ а зэфІэкІыр къызбгъэдэзылъхьам.

ЖыпІэнуракъэ, дэнэ къэрали къэзмылэжьа хуэдиз къуаже сыщагъэлъэпІащ, абыкІэ псоми фІыщІэ яхузощІ.

- Иджырей адыгэ эстрадэм фІагъыу хэлъымрэ щыщІэныгъэу иІэмрэ къыджепІэн?

- Еуэри, зэгуэрым си нэбжьэгъу нэхъыжь къызэхъуэрджэуащ, адыгэм ди уэрэд жыІэкІэр пасэрей гъуэгум тесщауэ къилъытэу, щІалэгъуалэри си ягъэкІэ «жакъуэу» жиІэу. Скрипкэ, фортепианэ, нэхъапэм лъэпкъым имыІа нэгъуэщІ макъамэ ІэмэпсымэкІэ къызэрызгъэсэбэпыр фІэкъабылтэкъым ныбжьэгъум. Сэ абы жесІащ дуней псом макъамэм щигъуэта зыужьыныгъэм удэмыплъеймэ, зэрызыпхуэмыужьынур. Ди макъамэм и фІыр, и ІэфІыр щІы хъурейр зэщІэзыщтам пэгъунэгъу хъумэ, абы нэхъыбэм гулъытэ хуащІу, ар зей лъэпкъым и щІэупщІэр ягъэбэгъуэнкІэ уегъэгугъэ, дауи. Ауэ щыхъукІи, «Сэ уи уэрэдхэр апхуэдэуи сигу ирихьыщэркъым, ауэ сыздэкІуэ къэралхэм здызохьри, согуэш», - къызжиІащ. Абы иужькІэ махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу, а щІалэр лэжьыгъэ ІуэхукІэ хамэ къэрал кІуэн хуей мэхъу. Иджы абы къызжеІэж: «ХьэщІэщым и шхапІэм дыщІэсыху уи дискыр теслъхьэри къезгъэуати, рестораныр зейр къызэлъэІуащ ар къахуэзгъэнэну. КъахуэзгъэнащІ. Нэхумыщу макъ гуэрым сыкъигъэушащ, си тхьэкІумэр згъэжанрэ седэІуапэмэ, «Дахэжан» уэрэдыр ину дэшеяуэ, хьэщІэщыр зи инагъым щыІурт. ЩхьэгъубжэмкІэ сыкъеплъыхмэ, хьэщІэщым цІыхуу щІэсыр зэхуэсауэ зарядкэ ящІырт». Абдеж си ныбжьэгъур къэпсалъэри, сэлами къызимыхыу: «Чэрим, дыгъуасэ бжесІа псалъэхэр къызощтэж, сызэрыщыуар къызгурыІуащ!» - къызжиІащ.

УутыкуакІуэну, цІыхум я пащхьэ зыгуэр иплъхьэну тыншкъым, ауэ Іэрэ Іуэхурэ зымыщІэхэм никъусаныгъэ къыпхуащІыну нэхъ яфІэфІщ. Нэхъыбэ зыхузэфІэкІынум ирырещІэ, сэ ар си гуапэ хъуну аркъудейщ.

Сэ сыхуейт адыгэр и сыт хуэдэ фІыгъуэмкІи дуней псом къыщацІыхуну. Лъэпкъым зыужьыныгъэ игъуэтын папщІэ, адэжьхэм къащІэнам дытегужьеикІауэ дытес къудейкІэ хъунукъым, абы зэрызедгъэужьыным, дэри зыгуэр зэрыхэтлъхьэным дыхущІэкъупхъэщ.

- Чэрим, псом я дежкІи наІуэщ цІыхубэм къыпхуаІэ лъагъуныгъэм и инагъыр. Апхуэдиз цІыху гулъытэм ущимыгъэкІыу сыт узэтезыІыгъэр?

- «Нэ илъагъу, Іэ ещІэж»,- жиІащ пасэрейм, дызыщІапІыкІа псэукІэрщ нобэми дызытетри дызытетынури. Ди анэ мыгъуэм къызжиІэрейт: «Куэдыщэ пщІауэ къыпщыхъужмэ, уимыкІыу уи пІэм укъинащ. Хьэлыншэу зэи зумыщІ, нобэ пхузэфІэкІа мащІэм нэхърэ нэхъыбэж зыхузэфІэкІ, нэхъыфІыж зэрыщыІэр зыщумыгъэгъупщэу, нэхъыфІым дэплъей зэпыт». Абы нэхъ ІущагъэкІэ ин сэ сыхуейкъым!

- Дэнэ щІыпІэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм зэдайуэ къалъытэ артистым дежкІэ «Уадыгэну гугъу»? УэркІэ адыгагъэм и пщалъэмрэ и къэуатымрэ сыт?

- «Зэ уадыгэну сыт уасэ!» псалъэ дахэр усакІуэ цІэрыІуэ Бемырзэ Мухьэдин итхауэ щытащ. [illegible] Дауи, адыгагъэм и къалэн пыухыкІахэр ди пщэ [illegible]. Ауэ уи къару, лъыгъэ хурикъумэ, уадыгэным нэхъыфІрэ нэхъ дахэрэ щыІэкъым. Адыгагъэм узэримыгъэпудыр, абы фІагъыу къыдэкІуэм я куэдагъыр адыгэлъ зыщІэт дэтхэнэми къыгурыІуэну сыхуейт.

- Творчествэм и къигъэхъуапІэр сыт?

- ЦІыхуфІхэмрэ щэджащэхэмрэ си гъащІэм щымащІэкъыми, ар си беягъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы къыхэкІыу, псоми я цІэ унэцІэр къысхуиІуэнукъым, ауэ я гугъу сымыщІуи сыблэкІыфынукъым. Уэр нэхърэ нэхъыфІ, зэфІэкІ ин зиІэ щымыІэми, гъусэ пхуэхъум, уи Іуэху къыбдэзыгъэпсынщІэм куэд елъыташ. Апхуэдэу сиІэ дэтхэнэми я фІыщІэ сымыгъэкІуэду си гум ІэфІу илъщ, зыкъэзыцІыхужахэм захузогъазэри: «Алыхьыр арэзы къыфхухъу!» яжызоІэ. Нобэ сиІэ ехъулІэныгъэхэр си щхьэ закъуэкІэ зыІэрызгъэхьауэ зэи жысІакъым икІи ар щхьэгъэпцІэжщ. И нэхъыбэр зи фІыщІэр си хъуреягъымрэ щІэгъэкъуэн схуэхъухэмрэщ.

- Ди зэпсэлъэныгъэм и кІэухым схьами, зи мыхьэнэкІэ пэрыт уи унагъуэм, абы щызепхьэ хабзэ нэхъыщхьэхэм укъытхутепсэлъыхьа си гуапэт.

- Унагъуэр узэгурыІуэу упсэун папщІэ къару, акъыл ин хуейщ. Псом я щхьэжу къэувыр цІыхур къызыхэкІарщ, зыщІапІыкІа хабзэрщ. Уплъэмэ къэплъагъуфу, удаІуэмэ къыхэбдэІукІыфу унагъуэ щыпщІым деж цІыхур япэ уищу къыпхуэцІыхуркъым. Алыхьым и нэфІ къыпщигъэхуамэ, гъусэ тэмэми къует. «Уэ хьэрычэт щІэи, сэ берычэт хэслъхьэнщ», - жиІащи, абы къуитар уи акъылкІэ пхузэтеІыгъэмэ, ар къызыгурыІуэн псэгъу гъусэ пхуэхъумэ, фІыгъуэшхуэщи, унагъуэ насып ухэплъэнущ.

- Адыгэ лъэпкъым сыт хуэдэ псалъэкІэ зыхуэбгъэзэнт?

- ЦІыхухэр дызыгъэгузавэ узыжьыр банэ и къуагъ хъужыну солъаІуэ.

КъызылъэІэсахэм, хэщІыныгъэ зыгъуэтахэм ІэтыгъуафІэ Тхьэм ящищІ, мыдрей псори абы Алыхьым пэІэщІэ дищІ! Мы зэманкІэ узым зэщІиубыдахэм тыншу яшхьэщыкІыну сахуолъаІуэ.

Гурэ псэкІэ сыкъэзылъытэу си Іуэху зыхэзыщІэ дэтхэнэми фІыщІэ хузощІ. Си ІэщІагъэкІэ сызыхэтыр гуфІэгъуэ Іуэхущи, гуфІэгъуэхэмыкІыж ди лъэпкъыр Алыхьым ищІ! Гузэвэгъуэ дымылъагъуу, ди Іуэху тщІэжу, ди ІэкІэ къэдлэжьыр ди ерыскъыуэ дыпсэуну си гуапэщ.

Езы ди лъэпкъэгъухэм селъэІу, захуэзэгъэзэну сыхуейт, мы щІыналъэм дыкъызэрыхэкІар, абы дызэрыхыхьэжанур, къыщынэмыщІауэ, адыгэм ди къызэрилъхуар псэ зыуту адыгэлъ зыщІэтын зыщамыгъэгъупщэу, нэгъуэщІхэмкІэ замыишин, ди лъэпкъыр ІэщІыб ямыщІыну. Адыгэм нэхъыфІ зэрыщымыІэр къэгурыІуэну сыхуейт!

Епсэлъар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Къэрал Іуэху

Зеиншэ унэншэхэр

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зеиншэ-унэншэхэм я бжыгъэм къыхохъуэ. Абыхэм я ныбжьыр илъэс 18 ирикъуауэ интернатыр щабгынэкІэ щыпсэун унэ иратынкр къэралым пщэрылъ зыщищыжьа Іуэхухэм ящыщщ. Ауэ хуэгъэзащІэркъым ар, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкІыу. А щхьэусыгъуэхэр зыхуэдэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ УФ-м Следствиемкіэ и комитетым. Абы и унафэщІ Бастрыкин Александр иригъэкІуэкІащ комитетым къыдэлажьэ ЩІэныгъэ-чэнджэщапІэ советым хэтхэм я зэІуэщІэ.

НЭХЪЫЩХЬЭУ зи гугъу ящІари къэрал къулыкъущІэ щхьэхуещхэмрэ ухуакІуэхэм ящыщу зеиншэхэм едыгъуэхэмрэ яхуагъэзауэ зэхагъэкІын хуей Іуэхухэр нэхъыбэ зэрыхъурщ. Абы къикІращи, щыпсэун иратынкр къыпэплъэ зеиншэхэм я бжыгъэм хэщІырхьым, кьахэхъуэ фІэкІа. Бастрыкиным зэІуэщІэм щыжиІащ 2020 гъэм щІышылэм и 1-м екъуалъэ чэзум хэтахэм я бжыгъэм цІыху мини 7 кьыхэхъуэу мини 182-рэ зэрыхъуар. Унэ иратащ зеиншэ мин 15-м.

УФ-м и Правительством и нэгъабрей унафэ щыІащ илъэс 18 ирикъуу интернатым кьыщІэкІа псоми илъэси 6-м кьриубыдэу унэ иратын хуейуэ. Ауэ къэхъур нэгъуэщІщ: унэ кьызэрырамытам щхьэкІэ судым си Іуэху езыхьэлІэхэм кьахохъуэ. ГъэщІэгъэныщІэр къэралым зеиншэхэм унэ хуаухэуэм яухих ахъшэр кьамыгъэсэбэпауэ кьыззрынэрщ. Кьыхуащхьми кьащьихэкІ щыІэщ абы ущыпсэуным зыкІи темыщІыхьа. Аращ кьызыхэкІар Следствиемкіэ комитетым мы гъэм и мазэ 11-м щІэпхъаджагъэ 250-рэ кьыщІигъэныгъэр.

Куэд щІауэ къекІуэкІ, зэман-зэманкІэрэ зытепсэлъыхь Іуэхум иджыри хэкІыпІэ кьыхуагъуэтакъым. Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэ Кузнецовэ Анн-э желІэ унэ кьащэхун папщІэ ират сертификатым ахъшэу хуэзэр зэрымащІэр, интернатыр зыдэт кьалэм, кьуажэм унэ щамыхуэмэ, нэгъуэщІ щыпІэ кьыщащхьунэу ар зэраримыкъур, гъащІэм фІыуэ хэзымыщыкІ сабийхэм унэр кьащхьуу щІэтІысхьэжьыу я нэІэ тезыгъэтын комиссэ щыналъэ къэс щыІэн зэрыхуейр.

Унэ зимыІэм лэжьапІи кьигъуэтыфынукъым, а щІыпІэм зэрыщыщыр щІэзыгъэбыдэ тхьилъ зэрыІэщІымылъым кьыхэкІыу. Сыт атІэ хуэпэплъэр илъэс 18 ирикъуу интернатыр зыбгына щІалэм е пщащэм? Мы зэман хьэпъэм ар уи нэгу кьыщІэбгъэхьэну гугъукъым. Ауэ бжыгъэ пыухыкІахэр щыІэщ, уи гур ягъэуэу, зеиншэхэм ятеухуауэ къэралым ищІэм нэмыщІыса куэд зэрыхэлъым и щыхьэту.

Генеральнэ прокурору лэжьа Чайкэ Юрий илъэситІ ипэкІэ жиІэгъащ сабий унэхэм щапІахэм я процент 40-р щІэпхъаджащІэхэм зэрахьхьэр, процент 10-м зэрызаукІыжыр, процент 40-р афиянымрэ фадэмрэ зэрытекІуадэр. ЦІыху тэмэм хъур процент 10-ращ.

Адэ-анэфІ яІэну зи насыпэ къимыхьажэм къэралым «и куэщІым» ихуа нэужь я гугъуехьхэр абдеж щахуэу щытамэ, псом ди дежкІи нэхъыфІт. Адрей псом я гугъу тщІынкъыми, сабий, ныбжьыщІэ дэхуэхар гъуэгу захуэ тебгъэувэныр цІыхугъэт. ИджыкІэ тлъагъуращи, зеиншэхэр зэрагъасэ, зэрырагъаджэ щІыкІэм щыщІэныгъэ инэ хэлъщ. ЦІыхур арыншами кьыхэзмащІэкІ ди къэралым мы сабийхэм гулъытэ хэха щІахуимышІыр гурыІэгъуэкъым. «Узэгугъур къогугъуэк» псалъэжьым гупсысэрэ Іущыгъэу хэлъыр кьанэ щымыІэу кьыщыгъэсэбэпын хуей Іэнатіэт мы зи гугъу тщІар. КъекІуэкІымкІэ мыарэзыхэм жаІэ сабий зеиншэхэм щхьэкІэ щыІэ Іуэхущ1аІэхэр нэгъуэщІу гъэпсын хуейуэ. Дыщыгугъынщ а «нэгъуэщІым» фІы кьыдэкІуэну, псом нэхъыбэ нэхъыщхьэраци, зауи гъабли щыщымыІэ ди зэманым мыпхуэдизэ сабий зеиншэ щІэхъум и щхьэусыгъуэм и лъабжьэр ягъэгъуну.

КьызэрыщІэздза зэІуэщІэмкІэ згъэзэжынщи, Бастрыкин Александр кьыхигъэщащ абдеж гу зылъытапхъэу щыжаІар зы тхыгъэу кьызэщІэкъуауэ къэралым и унафэщым и пащхьэ зэрырильхьэну.

Фщ1эн папщІэ: сабий зеиншэхэр щапІ унэу ди къэралым мы зэманым иІэщ 1314-рэ. Ар процент 24-кІэ нэхъ мащІэ хуэщащ 2015 гъэм щыІам елъытауэ.

● Гъэщ1эгъуэнщ

Щхьэж ей къыщтэжыну?

Мы зэманым дунейм щекІуэкІ Іуэхухэм я нэхъ гъэщІэгъуэнхэм, захуагъэ зыхэлъу къэплъытэ хъунухэм ящыщщ музейхэм щІэлъ хьэпшыпхэр ар кьыздраша къэралхэм, зей щІыдэлъху лъэпкъхэм зэрыратыжыр.

«СЫНЭХЪ лъэщщи, сысейщ» гупсысэм тету яхъунщІа, щэнхабзэ беягъ кьызыхуамыгъэнэжа лъэпкъхэм лІэщІыгъуэ щІэинхэр зэхуахьэсыжьфынУ Іэмал кьыкъуэкІащ. Нэхъ тэмэму жыпІэнумэ, мыр 2007 гъэм кьежьа Іуэхущ. Абы щыгъуэм ООН-м кьищтагъащ щІыдэлъху лъэпкъхэм я хуитныгъэхэм теухуа декларацэ. А декларацэм и зы Іыхьэм щыгъэбелджылащ щІыдэлъху лъэпкъхэм я щэнхабзэм, акъылым, псэм, зэрахьэ диным кьагъэщІа беягъхэр, гъэпцІагъэкІэ, къарукІэ кьытрахахэр, иратыжын хуейуэ.

Нэхъ псынщІэу зыкъэзыужьа, дзэ зэзыгъэпэщыфа къэралхэм я нэр зытрадзэ щІыналъэхэм щагъэхъар цІыхуІэ зиІэм и тхыдэм кьыхэнащ, ириуКІытэжыным хуэдизу гуузу. АтІэ, зэман щыІащ, укІытэн дэнэ кьэна, яукІыныр, яхъунщІэнэр кьыззрыгъэкІ Іуэхуу кьалъытэу щыщыта. А политикэр зыхуэдар Черчилль Уинстон гурыІуэгъуэу, кьехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу жиІэгъащ 1937 гъэм. «Сэ къэслъытэркъым мэкъум телъ хьэр а мэкъум зыгуэркІэ хуиту, ар абы куэд дыдэрэ телъами. Сэ къэслъытэркъым Америкэм и индей плъыжьхэмрэ Австралием и щІыдэлъху цІыху фІыцІэхэмрэ лей кьатехьауэ, сыту жыпІэмэ, расэ нэхъ лъэщ, зызыужьа, жыслэнщи, нэхъ Іущ кьакІуэри, абыхэм я щІыпІэр яубыдауэ араща».

Епщыкі1уГъуанэ лІэщІыгъуэм и пэм ирихьэлІэу щІы хъурейм и нэхъ Іыхьэфіхэр зыІэщІэзыубыдауэ щыта кьэралым и премьер-министрым и гупсысэкІэм, Іуэху лъагъуКІэм тепщІыхьмэ, уэ нэхърэ нэхъ лъэщыр уи лъапсэм кьехъуапсэу иубыдыныр е и нэм кьыфІэнэр кьищтэу дэкІыжыныр тэмэмщ: сыт къэралым и щапхъэм цІыху щхьэхуэр ирикІуэ щІэмыхъунур?

Ди зэманым кьигъэщІащ нэгъуэщІ гупсысэкІэ. Псалъэм папщІэ, 2009 гъэм Луврым Египетым иритыжащ 1980 гъэхэм абы блыным тещІыхьауэ къраша сурэтхэр. Илъэсищ дэкІри, Нигерием Бостон гъэзджэхэмкІэ и музейм хуигъэуващ XIX лІэщІыгъуэм и кІэхэм инджылыз сэлэтхэм а къэралым кърашауэ я гъэтІылъыгъэм хэлъхэр яритыжыну. АбыкІи ихакъым, 2017 гъэм Британие музейм зыхуигъэзащ бенин домбеякъыр икІэщІыпІэкІэ кьратыжыну.

Зэрытщ1эщи, Нидерландхэр колоние куэду зиІа къэралщ. Иджы зэрыхъуараци, я адэжьхэм зэхуахьэсар ди зэманым псэухэм ягуэшыж. ГъэщІэгъуэну мыбы хэлъыр псалъэмакъ кьаІэтыну яужь зэримытырщ. Псалъэм папщІэ, Амстердам и Рейксмузеум, Этнографиемкіэ музейм экспонат минищэм нэс ираты жынущ колониальнэ зауэхэм щыгъуэ ахэр кьызэдраша къэралхэм. Иратыжын хуейхэм язэ карат 70 хъу налмэсыр, индонезие сурэтІан Банджармасин ейуэ щытар. Этнографиемкіэ музейм и унафэщІым жеІэ мы Іуэхум захуагъэ зэрыхэлъыр, Нидерландхэм залымыгъэ зэрызэрахьам иджырей щІэблэр зэреуВалІэр.

Ауэ музей псори мы щапхъэм ириКІуэну кьыщІэкІынукъым. ЩыІэщ международнэ организацэхэм, политик цІэрыІуэхэм захуэзыгъазэхэр, мы Іуэхур кьызэтрагъэувыІэну елъэІуу. ЩхьэусыгъуэУ кьагъэлъагъуэм, я нэхъ щабэу жыпІэнумэ, дыхьэшэхи хэтщ. Псалъэм папщІэ, Европэм и музей зэпэщхэм щызэхуахьэсахэм епльыну цІыхухэм я дежкІэ нэхъ тынщщ, ахэр къэралхэм трагъэшэжмэ, зылъагъунур мащІэщ. Пэжыр жыпІэнумэ, артефактхэм (цІыхухэм кьагъэщІам) псом яІэну хэзыкьуэр ар зейращ, игъащІэжІэ нэгъуэщІ абы кьакІуэу емыплъынымки. Ахэращ щыгъуэзэн хуейр я щІэиныр зыхуэдэм, дунейпсо щэнхабзэм хальхьэфам. ИкІэм-икІэжым, ахэращ а мыльКУр зыбгъэдэлъыпхъэр.

Мы Іуэхур кьызэрежьам хуэдэу екІуэкІмэ, музей куэд нэхъ къулейсыз хъунущ. Ауэ араУи кьыщІэкІынукъым нэхъыщхьэр. ЗыхуэзфІэкІыр зауэу, цІыхуфэ зримыплъыр ирикІыу, ихъунщІэу, щІыналъэр зыІэщІилъхьэу кьогъуэгурыкІуэ дунейр. Лей зезыхьахэмрэ а лейр зыгъэвахэмрэ тКІийуэ зэрыгъэпсэлъэну кьыщІэкІынущ, лІэщІыгъуэкІэрэ кьаугъуеяр зыІэщІагъэкІыну хуэмейуэ иувыкІмэ. Апхуэдэ гужьгъэжь зэхуэмыІэ зэралхэр зэрымащІэм тещІыхьмэ, захуагъэ кьалъытхъуэу ирагъэжьа Іуэхур зэриУкІынкІэ хъунур гурыІуэгъэкъым.

● Фэеплъ

Япэ ищахэм пщІэ хуащІ

Зэрытщ1эщи, дыгъэгъаэзм и 15-р я Іэнатіэм пэрыту хэкІуэда журналистхэм я фэеплъ махуэ. Мы гъэм абы и ирыраГъэхьэлІэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкІуэкІа зэхьэр къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр. Ар къыщыхьуар 1991 гъэращ. Ди республикэм и Іущхьэмахуэ лъапэ щыІэ Терскол къуажэм къыщыхьэщыт лъагапІэхэм языхэзым зи гугъу тщІы Іуэхум ехьэлІауэ, «1994 - 1996 гъэхэм Кавказым щыхэкІуэда журналистхэр» и фІэщыгъэу, трагъэува фэеплъыр къыщыззІуахар 1997 гъэращ.

Дыгъэпскіэ гъэнщІа щыгум щекІуэкІа пэкІум хэтащ Іуащхьэмахуэ щыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Къанщобий зи пашэ гупыр, Урысей гвардием и республикэ къудамэм кьулыкъу щезыхьэкІэр, республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и щІыпІэ къудамэм и лэжьакІуэхэр, школакІуэхэр, абыхэм я гъэсакІуэхэр, журналистхэр.

- ЩІымахуэм и яп маззу гъэ къэс мы щІыпІэм дыкъокІуэ, зи лэжьыгъэр зыгъэзащІэу, зыІууа лъапэщхьэпохэм кьемыла ди лэжьэгъуэхэм я фэеплъ нэхум пщІэ хуэтщІын мурадыр диІзу, - кьыхигъэщащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Шаваевэ Разиат, кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьыщыпсалъэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, адэкІэ-мыдэкІэ кьыщыхьэ зэпэщІэувэныгъэхэм хэкІуадэ журналистхэм ящыщу мы фэеплъым зи цІэ-уэнэцІэхэр тратхахэм я бжыгъэм иужьрей илъэсхэм кьыхэхъуащ. Ахэр, зэрытщІэщи, Казиханов Тамерлан, Геккиев Казбек, КІуащ Тимур сымэщ.

2007 гъэм Журналистхэм кьащхьэщщыжьынымкІэ дунейпсо комитетыр (Committee to Protect Journalists) зэрытехьэмкІэ, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр нэхъыбэ дыдэу щыхэкІуадэ къэралхэм я деж Урысей Федерацэм ещанэ увыпІэр щиІыгъащ (Алжирымрэ Иракымрэ яужьКІэ). Апхуэдэуи, 1992 - 2018 гъэхэм къэхуа зэжьахэуэныгъэ зэмылІуэжьыгъуэхэм зи щхьэ хэзылъха журналистхэм я бжыгъэр Урысейм - 83-рэ, дуней псом - 1354-рэ щыхъущ. Ди къэралым абыхэм фэеплъ щыхуагъэувар, Брянск областым къищынэмыщІауэ, Шэшэныгъэ Къабардей-Балъкъэрым-рэщ.

Зэхьыхэм хэтащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къанокъуэ Заринэ:

- Зи кІэ диплъэ мы илъэс гугъуми мыхьэнэ ин зиІэщ зи Іэнатіэ пэрыту зи псэ зыта ди лэжьэгъуэхэм я фэеплъ нэхум пщІэ хуэщІыныр. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, нобэ мыбдежьми дызэрыщІэзэхуэсар хьэпшыпхэр щІэлъ я дежкІи щапхъэгъэлъагъуэщ, журналист ныбжьыщІэхэми, ди япэ ищахэр ящымыгъупщэнымкІи, пэжагъ ин яхэлъу я лэжьыгъэм зэрыпэрыта и лъэныкъуэкІэ гъуэгугъэлъагъуэу яІэнымкІи зыдэпльеипхъащ. БлэкІамрэ къэкІуэнымрэ иризэпытщІу мыпхуэдэ Іуэхухэм дыхэтмэщ журналистхэр къэкІуэну зэманми гъуэгу захуэ дыщытетынур, пщІэрэ щхьэрэ диІэу дыкъыщекІуэкІынур, - жиІащ Къанокъуэм.

Пэкіум къыщызэхуэсахэр фэеплъым деж дакъикъэкІэ щыщыгъуащ, щхьэж зыщыщ Іуэхущ1аПІэм кьыбгъэдэкІыу удз гъэгъахэр щагъэтІыпльащ.

Тхыгъэри сурэтхэри

КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*



«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● ЩІэ

«Сириус»-м щІынальэ ират

ЩІэблэмрэ щІэныгъэмрэ зэІэпэгъу хъуным, сабийхэм ящыщу зэфІэкІ зиІэхэр нэхъ пасэу къахэгъэщхьэхуКІауэ зегъэужьыным теухуащ Сочэ и «Сириус» центрым и лэжьыгъэр.

ОЛИМПИАДЭМ щхьэкІэ яухуахэм ящыщ зым ар кьыщыззІуахащ Президент Путин Владимир и унафэкІэ. Центрыр кьызэзыгъэпэщар «Талант и успех» цІэр зезыхьэ щІэныгъэ фондращ. 2014 гъэм дыгъэгъаэзм и 24-м ар кьызэрагъэпэщат щІэныгъэм, спортым, гъуазджэм я лэжьакІуэ нэхъ цІэрыІуэхэм. Абыхэм я Іуэхур даІыгъщ УФ-м ЩІэныгъэмкІэ, Спортымкіэ, Гъуазджэхэмкіэ и министерствэхэм.

Мазэ кьэс центрым къокІуэ илъэси 10 - 17 ныбжьым ит сабий 800-рэ егъэджакІуэу, тренеру 100-рэ. Иужьрейхэми мыбы я щІэныгъэм щыхагъахьуэ. Езыгъаджэхэри я Іэщ1агъэмкІэ зэфІэкІ зиІэ цІыху цІэрыІуэхэщ.

Сабийхэмрэ балигъхэмрэ махуэ 24-кІэ щыІащ мы центрым, зэреджэм кьыдэкІуэу я узнышагъэри ирагъэфІакІуэу. КъэкІуапщІэ-кІуэжьыщІэм кьыщыщІэдзауэ я шхыным щыщІэкІыжу пщІэнэшэщ.

Сочэ и Адлер районращ «Сириус» центрыр здэщыІэр. Иджы ар щІыналъэ щхьэхуэ ящІащ, зэреджэри Сириус кьалэ округущ. Абы къратынущ федеральнэ щІыналъэ статусыр, экономикэ щхьэхуитныгъэм кьыщыІэнэмыщІауэ, Президентымрэ Правительствэмрэ зэуэ зыхуагъэзэфу зыщІынур. Федеральнэ щІыналъэщІэм теухуа хабзэр Къэрал Думэм щІэлъщ. ЗэрыжаІэмкІэ, абы кьару игъуэтынущ 2021 гъэм кьыщыщІэдзауэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

ЩІэпхъаджащІэр къыщІагъэщ

КъБР-м щыІэ МВД-м Прохладнэ къалэм щиІэ и къудамэм и следственнэ Іэнатіэм зэхигъэкІащ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 3-нэ Іыхьэм и 159-нэ статьям хьихьэ щІэпхъаджагъэ зыльэжьа, Сочэ къалэм щыпсэу цІыхум екъэІа Іуэхур.

Къызэрыщ1агъэщамкІэ, хабзэм ебэкъуа цІыхухъум КъБР-м и мэкъумэш Іуэхущ1аПІэ иным и электрон пощтым игъэхащ ди республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и Іэ зыщІэлъ хуэдэ лъэІу тхыгъэ, дэІэпыкъуныгъэ псынщІэ щрат палатэр медицинэ Іэмэпсымэщ1эхэмкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ псапащІэ фондым мылъкукІэ зыщІигъэкъуэну иту.

Псапащ1э Іуэху зыщІэ зи хабзэ агроконцерным тхыгъэм ита банк реквизитхэм ириГъэхьащ сом мин 450-рэ. Зэман дэкІауэ абы и унафэщІым ахъшэм ехьэлІа дэфтэр министерствэм къритыну щьжриІаращ тхыгъэ лъэпкъ мэкъумэш Іуэхущ1аПІэм зэрыхуимытхар къыщыщІэщар.

Следственнэ къудамэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэхэмкІэ и лэжьакІуэхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм хэлъщІыІу ищІащ Іуэхум и щІыбагъэ дэтыр Сочэ къалэм щыпсэу, зи ныбжьыр илъэс 53-рэ хъу цІыхухъур зэрыарар. Краснодар щІыналъэм оперативникхэр кІуэри, щІапхъаджагъэ зылъэжьар яубыдащ. Абы зыкъыумысыжащ. Іуэхур зэхэгъэкІыху ар следственнэ изоляторым исащ.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм кьрикІуахэр кьыщыгъэлъэгъуэ тхылъымПІэхэмрэ ар зэрагъэкъуанШэмкІэ прокуратурэм и тхылъымрэ судым ягъэхьащ унафэ тращыхьын папщІэ. ЩІэпхъаджащІэм илъэсийм нэс тутнакъэщым исыну траЛъхьэфынущ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Зауртбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжьэныжьмкІэ - 42-60-53; узынщагъэр хъуэмынымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэтым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аХэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъуэмынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, БсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютерк1э газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894● Тираж 1.998●Заказ №2697